

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG SARAN

#### 5.1 KACINDEKAN

Dumasar kana hasil analisis data ieu panalungtikan ngeunaan modél *Complete Sentence* dina pangajaran nulis téks biantara, bisa dicindekkeun saperti ieu di handap.

- a. Kamampuh nulis téks biantara siswa kelas XI IPA 1 SMAN 24 Bandung taun ajar 2018/2019 saméméh maké modél *Complete Sentence* kagolong can mampuh. Katitén tina aspék eusi/gagasan (13,41), aspék struktur (13,09), aspék gaya basa (13,32), aspék karapihan (13,51), jeung aspék éjahan (13,64). sedengkeun rata-rata aspék saméméh ngagunakeun modél *Complete Sentence* nya éta 67 tina KKM 75 bisa dicindekkeun can mampuh nulis dina matéri pangajaran biantara.
- b. Kamampuh nulis téks biantara siswa kelas XI IPA 1 SMAN 24 Bandung taun ajar 2018/2019 sanggeus maké modél *Complete Sentence* geus mampuh. Katitén tina hasil *posttest* anu ngawengku aspék tina aspék eusi/gagasan ngaronjat jadi (19,03), tina aspék struktur ngaronjat jadi (19,02), tina aspék gaya basa ngaronjat jadi (18,0), tina aspék karapihan ngaronjat jadi (16,9) jeung tina aspék éjahan ngaronjat jadi (17,74). rata-ratana nya éta 91,06 tina KKM 75 bisa dicindekkeun siswa geus mampuh nulis dina matéri pangajaran biantara.
- c. Aya béda anu signifikan tina hasil kamampuh nulis téks biantara siswa kelas XI IPA 1 SMAN 24 Bandung taun ajar 2018/2019 antara saméméh jeung sanggeus maké modél *Complete Sentence*, kalawan rata-rata peunteun *pretest* jeung *posttest* nya éta tina hasil *pretest* (67) ngaronjat jadi (91,06).
- d. Aya beda anu signifikan kamampuh nulis téks biantara siswa kelas XI IPA 1 SMAN 24 Bandung taun ajar 2018/2019 antara saméméh jeung sanggeus maké modél *Complete Sentence* katitén tina hasil uji normalitas, uji homogenitas, jeung uji hipotésis. Ieu hal némbongkeun yén modél *Complete Sentence* bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis téks biantara.

## 5.2 REKOMENDASI

Dumasar kana panalungtikan anu geus dilaksanakeun, aya sababaraha saran anu ditepikeun, nya éta saperti ieu di handap:

### 1) Pikeun Pangajaran Basa

Modél *Complete Sentence* téh bisa ngaronjatkeun kamampuh nyariya siswa dina matéri pangajaran biantara. Jadi, dipiharep modél *Complete Sentence* bisa dijadikeun alternatif dina pangajaran basa Sunda utamana dina nulis téks téks biantara kusabab dumasar kana hasil panalungtikan katitén yén modél *Complete Sentence* bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis dina matéri pangajaran biantara.

### 2) Pikeun Guru

Upaana guru rék maké modél *Complete Sentence* dina pangajaran biantara, aya sababaraha hal anu kudu diperhatikeun ku guru nalika ngaguakeun modél *Complete Sentence* nya éta dina nangtukeun téma/topik anu umum jeung *up to date* sangkan leuwih dipikaharti ogé siswa teu hésé ngedalkeun naon anu aya dina pikiranna.

Ku sabab ieu panalungtikan teu jauh tina kecap sampurna, seueur kénéh kakurangan nu matak dipiharep aya panalungtik séjén nu nalungtik ieu modél *Complete Sentence* kalayan leuwih jembar jeung hadé deui.